

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa salasihiji cara pikeun néangan data atawa informasi ngeunaan obyék nu ditalungtik. Ieu hal ditandeskeun ku Sugiyono (2019, kc. 02) yén métode penelitian mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan udagan jeung kagunaan nu tangtu. Dumasar kana éta hal, kagiatan panalungtikan kudu dumasar kana ciri paélmuan nyaéta *rasional*, *empiris*, jeung *sistematis*. Sacara gurat badag, métode nu bisa digunakeun dina panalungtikan nyaéta métode historis, métode déskriptif, jeung métode ékspériméntal.


Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Nurutkeun David Williams (dina Rukin, 2021, kc. 8) penelitian kualitatif mangrupa tarékah panalungtik pikeun ngumpulkeun data tina latar alamiah atawa natural. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2019, kc. 18) nu nétélakeun yén métode kualitatif mangrupa métode panalungtikan nu museur kana *filosafat postpositivisme*, nu digunakeun pikeun nalungtik kana kaayaan obyék sacara alamiah, ku kituna peran panalungtik kalintang gedéna lantaran panalungtik mangrupa instrumen nu utama, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (gabungan), kitu deui analisis data nu sipatna induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih museur kana ma'na lain kana *generalisasi*. Anapon métode déskriptif nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) nyaéta panalungtikan nu miboga maksud pikeun nalungtik kaayaan nu hasilna ditepikeun ngaliwatan laporan.

Métode kualitatif digunakeun pikeun nyangking data nu ngandung ma'na sacara nyosok jero. Ma'na mangrupa harti nu saenyana, data nu dicangking mangrupa hiji ajén nu aya disatukangeun data-data nu nyampak. Ku kituna, dina panalungtikan kualitatif leuwih nekenkeun kana ma'na, lain kana generalisasi. Generalisasi sok disebut *transferability*, nu hartina tina hasil éta panalungtikan bisa di gunakeun di tempat nu lian, nu tangtuna miboga karakteristik tempat nu sarua.

Gambaran dina ieu panalungtikan ngawengku desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan, tehnik ngolah data, jeung analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang panalungtikan nu dijieun ku panalungtik pikeun nangtukeun hal-hal nu baris dilaksanakeun saperti ngumpulkeun, ngolah, analisis jeung penyajian data sacara sistematis tur obyektif. Désain panalungtikan bisa disebut ogé stratégi nu kudu dilaksanakeun nalika panalungtikan sangkan bisa ngahasilkeun modél panalungtikan. Anapon désain panalungtikan ngawengku prosés talaah pustaka, observasi, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.




Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan

3.2 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikna nyaéta Kampung Cigelap, Désa Parung Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya. Désa Parung kabagi kana lima kampung nyaéta Kampung Singalancap, Kampung Tarunajaya, Kampung Cibalong, Kampung Cigelap, jeung Kampung Sinarjaya. Legana Désa Parung nyaéta ±670 Ha, kalayan wates nyaéta:

- a. Wates Kalér : Désa Cibalong Kecamatan Cibalong
- b. Wates Wétan : Désa Mandala Mekar Kecamatan Jatiwaras
- c. Wates Kidul : Désa Setiawaras Kecamatan Cibalong
- d. Wates Kulon : Désa Girikencana Kecamatan Parungponteng



Gambar 3. 1

Lokasi Panalungtikan Désa Parung

3.2.1.1 Kondisi Sosial

a. Penduduk

Data penduduk di Désa Parung, Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya dina taun 2022 jumlahna aya 4.247 urang kalayan jumlah kepala keluarga (KK) aya 1.440 urang. Leuwih jéntréna bisa katitén tina data ieu di handap.

Tabél 3. 1
Jumlah Penduduk di Désa Parung taun 2022

No	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Lalaki	2.132
2	Awéwé	2.115
	Jumlah	4.247

Sumber : Demografi Désa Parung 2022

b. Atikan

Dina widang atikan, masarakat Désa Parung kawilang geus mimiti aya kamajuan, éta hal katitén masarakat nu atikanna rupa-rupa ti mimiti SD, SMP, SMA, kitu deui nu nuluykeun sakola ka paguron luhur. Sanajan teu sakabéhna nuluykeun sakola dilantarakeun ku faktor ékonomi, fasilitas, jeung pangaweruh kana pentingna atikan pikeun kahirupan.

Tabél 3. 2
Jumlah penduduk dumasar kana atikan taun 2022

No	Pendidikan	Jumlah	Ket
1.	SD/ Sederajat	2.399	Orang
2.	SMP/ Sederajat	513	Orang
3.	SMA/ Sederajat	227	Orang
4.	Perguruan Tinggi	30	Orang
5.	Buta Huruf	-	Orang

Sumber : Demografi Désa Parung 2022

c. Agama

Sakabéh masarakat di Désa Parung ngagem agama Islam. Éta hal katitén tina kabiasaan-kabiasaan masarakatna nu agamis, saperti unggal waktu solat masjid teu weléh kaisian ku nu berjamaah, unggal ba'da magrib masjid teu weléh pinuh ku barudak nu ngaji, kitu deui pangaosan rutin pikeun ibu-ibu nu sok dilaksanakeun saminggu sakali dina poé juma'ah.

Tabél 3. 3

Jumlah penduduk dumasar kana agama taun 2022

No	Agama	Jumlah	Keterangan
1.	Islam	4.247	Orang
2.	Kristen	0	Orang

Sumber : Demografi Désa Parung 2022

d. Pakasaban

Masyarakat di Désa Parung miboga widang pakasaban nu rupa-rupa, ngan dilantarankeun lokasi désa nu dikurilingan ku lahan tani nu ngabalukarkeun pakabasan nu pang lobana nyaéta buruh tani. Lian ti éta aya ogé nu jadi tukang dagang, pengrajin, pengusaha angkutan, PNS, TNI, Pensiunan PNS/TNI/POLRI.

Tabél 3. 4

Jumlah penduduk dumasar pakasaban taun 2022

No	Mata Pencaharian	Jumlah	Ket
1.	Petani Pemilik tanah	392	Orang
2.	Buruh Tani	1.569	Orang
3.	Pengusaha Dagang	78	Orang
4.	Pengrajin	2	Orang
5.	Pengusaha angkutan	5	Orang
6.	PNS	12	Orang
7.	TNI	6	Orang
8.	Pensiunan PNS/TNI/POLRI	7	Orang
	JUMLAH	2.070	Orang

Sumber : Démografi Désa Parung 2022

e. Basa

Basa nu digunakeun masyarakat di Désa Parung dina kahirupan sapopoéna nyaéta Basa Sunda. Tapi upamana aya acara-acara resmi ngagunakeun basa Indonesia pikeun panganteur komunikasina.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data panalungtikan mangrupa subjek data nu rék ditalungtik. Sumber data kabagi jadi tilu aspék nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung keretas (*paper*).


- Jalma (*person*) mangrupa sumber data nu méré informasi data ku cara wawancara ngaliwatan lisan atawa ngeusian angkét sacara tinulis.
- Tempat (*place*) mangrupa sumber data nu méré informasi data ngaliwatan kaayaan, Nu dimaksud kaayaan nyaéta bisa ditilik tina kondisi rohangan, *ritme*, gerak tari jeung sajabana. Éta hal bisa dijadikeun pikeun bahan observasi.
- Keretas (*paper*) mangrupa sumber data nu méré informasi data ngaliwatan angka, huruf-huruf, gambar sacara tinulis, saperti buku, jurnal jeung sajabana.


Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti di handap.




- Sumber data nu mangrupa jalma (*person*) nyaéta Bapa Asep salaku Sekertaris Desa Parung sarta nu sok ngokolakeun kasenian calung tarawangsa, seniman-seniman kesenian calung tarawangsa, masarakat nu ilubiung dina lumangsungna pintonan kasenian calung tarawangsa.
- Tempat nu digunakeun pikeun jadi sumber data tina ieu panalungtikan nyaéta di Kampung Cigelas Desa Parung Kabupaten Tasikmalaya.
- Sumber data nu mangrupa keretas (*paper*) nyaéta buku-buku, jurnal, gambar-gambar ngeunaan kasenian Calung tarawangsa.

Tabél 3. 5

Data Narasumber jeung Informan

No	Foto	Data Narasumber jeung Informan
1.		<p>Wasta : Asep Yuswa : 47 Taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Sekertaris Desa Padumukan : Kp. Lintungsari RT/RW 01/09 Desa Parung Kec. Cibalong Kabupaten Tasikmalaya Atikan : S1 Kalungguhan : Pupuhu Yayasan Dangiing Budaya</p>

No	Foto	Data Narasumber jeung Informan
2.		<p>Wasta : Oman Yuswa : 74 Taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Buruh Tani Padumukan : Kp. Cigelap Desa Parung Kec. Cibalong Kabupaten Tasikmalaya Atikan : SD Kalungguhan : Pamaén Tarawangsa</p>
3.		<p>Wasta : Yana Yuswa : 57 Taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Buruh Tani Padumukan : Kp. Cigelap Desa Parung Kec. Cibalong Kabupaten Tasikmalaya Atikan : SD Kalungguhan : Pamaén Suling</p>
4.		<p>Wasta : Yayan Yuswa : 51 Taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Buruh Harian Lepas Padumukan : Kp. Cigelap Desa Parung Kec. Cibalong Atikan : SMA Kalungguhan : Pamaén Calung Indung</p>
5.		<p>Wasta : Sajan Yuswa : 72 Taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Buruh Tani Padumukan : Kp. Cigelap Desa Parung Kec. Cibalong Atikan : SD Kalungguhan : Pamaén Calung Anak</p>

No	Foto	Data Narasumber jeung Informan
6.		Wasta : Ibu Onong Yuswa : 57 Taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : Buruh Tani Padumukan : Kp. Cigelap Desa Parung Kec. Cibalong Atikan : SD Kalungguhan : Sinden & Pamaén Kacapi
7.		Wasta : Atih Suprapti Yuswa : 72 Taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban :IRT Padumukan : Kp. Cigelap Desa Parung Kec. Cibalong Kabupaten Tasikmalaya Atikan : SD Kalungguhan : Masarakat
8.		Wasta : Cucu Samsudin Yuswa : 76 Taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Buruh Harian Lepas Padumukan : Kp. Cigelap Desa Parung Kec. Cibalong Kabupaten Tasikmalaya Atikan : SMP Kalungguhan : Masarakat

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2013, kc. 224) nétélakeun yén téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah mimiti dina panalungtikan nu udaganana pikeun meunangkeun data. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

a. Ulikan Pustaka

Téhnik ulikan pustaka nyaéta panalungtik neuleuman eusi buku atawa jurnal nu aya pakaitna jeung panalungtikan pikeun jadi bahan dasar téoritis panalungtikan. Bahan Pustaka nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dokumen ngeunaan ajén falsafah, kabudayaan jeung bahan ajar. Ieu panalungtikan ngagunakeun studi

pustaka di Perpustakaan Universitas Pendidikan Indonesia, Perpustakaan Ajip Rosidi, jeung Pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Sunda.

b. Obsérvasi

Nurutkeun Nasution dina (Sugiyono, 2019. kc 297) observasi mangrupa dasar tina sakabéh élmu pangaweruh. Ku kituna, para ilmuwan bisa gawé dumasar kana data, nyaéta fakta ngeunaan kaayaan dunya nu dicangking ngaliwatan observasi. Anapon wangun observasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta observasi partisipatif pasif nyaéta panalungtik ngan saukur ngadatangan tempat panalungtikan tapi teu bari ilubiung kana kagiatan nu keur lumangsung.

c. Wawancara

Sugiyono (2019, kc. 304) nétélakeun yén wawancara digunakeun minangka téhnik ngumpulkeun data saupama panalungtik hayang ngalakukeun studi pendahuluan pikeun meunangkeun masalah nu kudu ditalungtik. Atawa bisa digunakeun saupama panalungtik hayang mikanyaho leuwih teleb ngeunaan objék nu ditalungtik ngaliwatan réspodén. Nurutkeun Esterberg (dina Sugiyono, 2019, kc. 305) wawancara kabagi jadi tilu wanda nyaéta *wawancara terstruktur*, *wawancara semi terstruktur*, jeung *wawancara tak berstruktur*. Dina ieu panalungtikna ngagunakeun wawancara semi terstruktur lantaran system wawancara bisa leuwih bébas sarta bisa nyangking informasi sacara leuwih terbuka dimana réspodén bisa méré ide jeung pamadeganana.

Wawancara dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara ka pihak-pihak nu aya pakaitna sarta sacara langsung ancrub dina kasenian Calung tarawangsa.

d. Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi mangrupa téhnik nu dipaké ku panalungtik ngaliwatan dokumén hasil panalungtikan. Dokumén bisa wangun tinulis, gambar, jeung karya-karya nu monumental. Dina ieu panalungtikan dokuméntasi minangka bukti yén ieu panalungtikan dilakukeun sacara langsung. Hasil dokuméntasi dina ieu panalungtikan mangrupa foto jeung video.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 156) Instrumén panalungtikan mangrupa pakakas nu digunakeun pikeun ngukur fenomena boh alam boh sosial nu keur

ditalungtik. Sedengkeun nurutkeun Purwanto (dina Sukendra, 2020, kc 1) instrumen panalungtikan mangrupa sarana pra sarana nu digunakeun pikeun nyangking jeung ngumpulkeun data dina kagiatan panalungtikan. Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan diantarana:

a. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara mangrupa pedoman atawa cecekelan nu nungtun panalungtik dina kagiatan panalungtikan. Pedoman wawancara biasa digunakeun pikeun panginget panalungtik ngeunaan aspék-aspék nu kudu dibahas. Pedoman wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa sajumlahing patalékan saperti di handap:

Tabél 3. 6

Format Pedoman Wawancara ka Pelaku Seni

No.	Rumusan	Daptar Pananya
1.	Sajarah Kasenian Calung tarawangsa	1) Naon jeung kumaha nu disebut kasenian calung tarawangsa? 2) Naha ieu kasenian diaranan calung tarawangsa? 3) Ti iraha seni calung tarawangsa mimiti dipikawanoh ku masarakat? 4) Saha nu mimiti naratas kasenian calung tarawangsa 5) Nilik kana istilah, méh sami sareng tarawangsa nu di Rancakalong. Naha aya kakaitan? 6) Naon fungsi jeung peran tina kasenian calung tarawangsa?
2.	Kamekaran Kesenian Calung tarawangsa	7) Kumaha kamekaran kasenian calung tarawangsa kiwari? 8) Ti iraha seni calung tarawangsa maké ibingan? 9) Ti mimiti ngadegna seni calung tarawangsa, naha aya parobahan nu karandapan boh dina waditra boh dina lakawihanana?
3.	Alat jeung Bahan dina Kasenian calung tarawangsa	10) Waditra naon waé nu digunakeun dina kasenian calung tarawangsa? 11) Kumaha kostum nu digunakeun dina mintonkeun seni calung tarawangsa? 12) Naon waé nu kudu ditataharkeun saméméh prungna pintonan kasenian calung tarawangsa?

No.	Rumusan	Daptar Pananya
4.	Prak-prakan Kasenian calung tarawangsa	13) Iraha jeung di mana seni calung tarawangsa dipintonkeunana? 14) Naha di Gedung? Bumi? Dll. Naha aya ma'na husus atawa henteu? 15) Naha aya ritual husus atawa henteu saméméh minton? 16) Saha waé nu bisa ilubiung dina kasenian calung tarawangsa? 17) Sabaraha urang palaku seni calung tarawangsa? 18) Kawih naon waé nu dipaké pikeun mirig seni calung tarawangsa? 19) Naon sababna éta kawih dipaké? 20) Naha aya formasi husus nu digunakeun dina ieu kasenian? 21) Naon waé hal nu dipahing nalika mintonkeun kasenian calung tarawangsa? 22) Naon fungsi seni calung tarawangsa pikeun seniman jeung masarakat?
5.	Ajén Falsafah dina Kasenian Calung tarawangsa	23) Falsafah naon nu nyampak dina raksukan nu dipaké ku pamaén seni calung tarawangsa? 24) Falsafah naon nu nyampak dina sajen nu disadiakeun dina pintonan calung tarawangsa? 25) Falsafah naon nu nyampak tina rumpaka kawih nu digunakeun dina pintonan calung tarawangsa? 26) Falsafah naon nu nyampak dina ritual husus saméméh prakna kasenian calung tarawangsa?
6.	Layang Pangajén	27) Naha seni calung tarawangsa kungsi meunang layang pangajén? Naon waé?
7.	Tarékah	28) Kumaha tarékah pikeun mekarkeun deui kasenian calung tarawangsa sangkan ieu kasenian bisa leuwih loba nu mikawanoh jeung nu mikaresep? 29) Naon tarékah pamaréntah pikeun mertahankeun sarta mekarkeun kasenian calung tarawangsa? 30) Naha aya pasualan nu karandapan nalika mertahankeun kasenian calung tarawangsa?

Tabél 3. 7
Format Pedoman Wawancara ka Masarakat

No	Daptar Pananya
1	Kumaha kesan sareng pesan tina ieu pintonan?
2	Naha aya pangaruh pikeun masarakat tina ieu kasenian?
3	Naha ibu/bapa nonton sok dugi ka tamat?
4	Ibu/bapa leuwih kairut mana sarana hiburan tradisional sareng media modern? Naon sababna?
5	Naon nu kacangking ku bapa/ibu tina ieu pintonana?

b. Alat Rékam

Alat rékam dipaké pikeun ngarékam lumangsungna kagiatan wawancara ngeunaan kasenian calung tarawangsa. Kitu deui alat rékam bisa ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan data nu ditepikeun informan euweuh nu kaliwat. Salian ti éta alat rékam bisa jadi bukti yén ieu panalungtikan lumangsung sacara langsung.

c. Kaméra Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun dokuméntasi dina lumangsungna kagiatan observasi, wawancara, jeung dina prak-prakan lumangsungna kagiatan seni calung tarawangsa, sarta dina kajadian-kajadian nu aya patalina jeung seni calung tarawangsa.

3.5 Analisis Data

Sabada data kacangking ngaliwatan léngkah ngumpulkeun data, tuluy data dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah nu tangtu. Anapon léngkah-léngkah nganalisis data ngawengku tilu bagian, nyaéta tatahar, tabulasi jeung ngalarapkeuna data luyu jeung pamarekan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 278).

a. Tatahar

Kegiatan dina prosés tatahar diantarana:

- a) Mariksa ngaran jeung kalengkepan idéntitas narasumber. Ieu hal dilakukeun sangkan data nu dicangking *valid*;

- b) Mariksa kalengkepan data, hartina mariksa eusi instrumén ngumpulkeun data. Upamana aya data nu kaliwat atawa aya masalah bisa langsung dibenerkeun; jeung
- c) Mariksa rupa-rupa eusian data. Hartina mariksa data upamana aya data nu teu saluyu jeung naon nu dipikahayang ku panalungtik.

b. Tabulasi

Kegiatan tabulasi mangrupa prosés ngumpulkeun data nu geus kacangking salila prosés panalungtikan, kegiatan tabulasi ngawengku:

- a) Ngumpulkeun kabéh data nu kacangking dina studi pustaka, observasi, jeung wawanacara;
- b) Masing-masingkeun data dumasar kana gundukanana; jeung
- c) Nyaluyukeun data jeung téhnik analisis nu rék digunakeun.

c. Ngalarapkeun Data Luyu jeung Pamarekan Panalungtikan

Data-data nu geus kacangking diolah ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan-aturan nu geus aya luyu jeung pamarekan nu digunakeun. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan budaya, nu dipaluruhna nyaéta : a) janggalék katut prak-prakanna kasenian calung tarawangsa 2) ajén falsafah nu nyampak dina kasenian calung tarawangsa, jeung 3) larapna ieu panalungtikan pikeun bahan ajar maca artikel budaya pikeun kelas XII SMA.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Data-data nu geus dicangking tuluy diolah dumasar kana téhnik nu geus ditangtukeun. Léngkah-léngkah ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Niténan data nu geus kakumpul.
- b. Nyieun papasingan data hasil panalungtikan nu nuduhkeun kumaha janggalék katut prak-prakan kasenian calung tarawangsa, tuluy ajén falsafah nu nyampak dina kasenian calung tarawangsa, sarta kumaha larapna ieu panalungtikan pikeun bahan ajar maca artikel budaya kelas XII SMA.
- c. Nganalisis tur ngadéskripsikeun data ngeunaan janggalékna katut prak-prakan kasenian calung tarawangsa, ajén falsafah nu nyampak dina kasenian calung

tarawangsa, sarta larapna kasenian calung tarawangsa pikeun bahan ajar maca artikel budaya kelas XII SMA.

- d. Nyieun kacindekan tina data nu geus kapaluruh.